# Awi'l xojalig'i

Respublikami'z ekonomikasi'nda awi'l xojali'g'i' tiykarg'i' tarawlari'nan biri boli'p yesaplanadi'. So'n'g'i' ji'llarda awi'l xojali'g'i'nda ekonomikali'q reformalardi' ja'ne de teren'lestirip, jalpi' awi'l xojali'q wo'nimleri ko'lemleri ji'ldan-ji'lg'a wo'siwge yerisilmekte.

2014-ji'ldi'n' 1-aprel halati'na respublikamizda 3600 fermer xojali'qlari bar boli'p, sonnan diyxanshi'li'qta 3117, sharwashi'li'qta 439 ha'm basqa tarawlarda 44 fermer xojali'qlari xi'zmet ko'rsetpekte.

Wolarg'a 544,4 mi'n' ga jer maydani' aji'rati'li'p berilgen, fermer xojali'qlari'nda jumi's penen ba'nt bolg'anlar sani' 60,5 mi'n' adamdi' quraydi.

**1 sherek dawami'nda (ag'i'mdag'i' bahalarda) 62081,3 mln. sum jalpi' awi'l xojali'q wo'nimi jetistirildi, wo'tken ji'ldi'n' usi' da'wiri menen sali'sti'rg'anda wo'siw tempi (Sali'sti'rmali' bahada) 106,2 procentti quradi'. Sonnan, diyxanshi'li'q wo'nimlerinin' ko'lemi 6556,0 mln. sumdi' (93,9 procent), sharwashi'li'q wo'nimlerinin' ko'lemi 55525,3 mln. sumdi' (108,0 procent) quradi'.**

Jalpi' awi'l xojali'q wo'nimlerindegi fermer xojali'qlari'ni'n' u'lesi 5,0 procentti ha'm diyxan xojali'qlari'ni'n' u'lesi 92,1 procentti quradi'.

**- Paxtashi'li'q**

Usi' ji'lda respublikamizda 94,7 mi'n' gektar maydang'a paxta yegiw jobalasti'ri'li'p, 190,0 mi'n' tonna paxta shiykizati'n jetistiriw jobalasti'ri'lmaqta.

**- G'a'lleshilik**

Usi' ji'ldi'n' hasi'li ushi'n respublikamiz boyi'nsha 53,0 mi'n' gektar maydang'a g'a'lle yegilip, 175 mi'n' tonna g'a'lle jetistiriw ha'm ma'mleketke 80,1 tonna g'a'lle sati'w jobalasti'ri'lg'an. Bu'gingi ku'nde g'a'lle maydanlari'nda agrotexnikali'q ilajlarg'a ko're mineral azi'qlar menen azi'qlandi'ri'w ha'm suwg'ari'w isleri ali'p bari'lmaqta.

**- Sharwashi'li'q**

Respublikamizdin' ba'rshe taypadag'i' xojali'qlari'nda tiri salmaqta 12,1 mi'n' tonna go'sh (2013-ji'ldi'n' 1-sheregine qarag'anda 107,1 procent), 37,9 mi'n' tonna su't (107,6 procent), 48,7 mln. dana ma'yek (115,6%) ha'm 25,7 mi'n' dana qarako'l terisi (100,0 procent) jetistirildi.

Bunnan ti'sqari', ba'rshe taypadag'i' xojali'qlarda iri shaqli' qaramallardi'n' bas sani' - 863,7 mi'n' basqa (2013-ji'ldi'n' 1-sheregine qarag'anda 102,1 procent), sonnan si'yi'rlar – 265,2 mi'n' basqa (100,9 procent), qoy ha'm yeshkiler - 886,6 mi'n' basqa (104,6 procent), atlar 20,1 mi'n' basqa (102,2 procent) ha'm quslar bas sani' 2778,7 mi'n' basqa (107,9 procent) jetti.

Wortasha bir si'yi'rdan sawi'p ali'natug'i'n su't mug'dari' 143 litrdi ha'm wortasha bir tawi'qtan ali'natug'i'n ma'yek 36 danani' quradi'. Wo'tken ji'ldi'n' usi' da'wirine qarag'anda bir si'yi'rdan sawi'p ali'natug'i'n su't mug'dari' 9 kg g'a ha'm tawi'qtan ali'natug'i'n ma'yek 1 danag'a ko'beydi.

**- Pilleshilik**

Usi' ji'lda respublikamizda 10 rayon pilleshilik tarawi'nda shug'i'llani'p, wolar ta'repinen 820 tonna pille jetistiriw ha'm ma'mleketke sati'w jobalasti'ri'lg'an.

**- Xi'zmet ko'rsetiw**

«O'zawi'lxojali'qmashlizing» kompaniyasi'ni'n' Qaraqalpaqstan bo'limi ta'repinen lizing arqali' 33 dana awi'l xojali'q texnikalari', sonnan: 14 traktor ha'm 19 basqa texnikalar ali'p kelingen.

Mineral to'ginler ha'm yadoximikatlar respublikag'a «O'zagrokimyota'minot» ka'rxanalari' ta'repinen jetkerip beriledi. 2014-ji'ldi'n' 1-aprel halati'na awi'l xojali'q ka'rxanalari' ha'm fermer xojali'qlari 3124 tonna azot mineral to'ginleri menen ta'minlengen.

Yesabat da'wirinde respublika boyi'nsha 188,6 km magistral ha'm xojali'qlararali'q suw tarmaqlari' (ji'lli'q jobag'a sali'sti'rg'anda 30,0 procent), tazalang'an ha'm 441,0 mln. sum sarflangan.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2007-ji'l 29-oktyabrdegi PF-3932-sanli' «Jerlerdin' meliorativ halati'n jaqsi'law sistemasi'n tu'pten jetilistiriw is-ilajlari' haqqi'nda»g'i Pa'rmani' tiykari'nda 2014-ji'lda Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda 5 meliorativ sistemani'n' 18 obyektin qayta won'law ha'm tiklew jumi'slari' jobalasti'ri'lg'an. Woni'n' naturadagi ko'lemi 922,7 km-di ha'm uli'wma bahasi' 6987,68 mln. sumdi' quraydi'.

2014-ji'ldi'n' 1 aprel halati'na 129,8 km uzi'nli'qtag'i' kollektor tarmaqlari' qayta won'landi', wonin' bahasi' 1063,76 mln. sumdi' quradi'. Yagni'y I sherek jobasi' 223,0 procentke wori'nlandi'. Bul jumislardi' ja'mi 50 texnika (36 ekskavator ha'm 14 buldozer) alip bardi'.

rsquo;q reformalardirsquo;rxanalari

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew